

الإسلام دين الفطرة والعقل والسعادة

(للحرمين)

Islam chitendero

chechisikirwo, pfungwa , uye

nerufaro.

Islam chitendero chechisikirwo, pfungwa , uye nerufaro.

Dare rezvedzidzo mubazi rehutungamiri hwenyaya dzechitendero paMasjid Al-Haram neMasjid An-Nabawi.

Islam chitendero chechisikirwo, chepfungwa, uye nerufaro.

Muzita raAllah, vane tsitsi, vane ngoni.

Wakambozvibvunza here:

kuti ndiani akasika matenga nenyika nezvisikwa zvikuru zviri mazviri? Uye ndiani akasika hurongwa hwakanyatsorongeka uye hwakatsetsenurwa hwuri mazviri?

Sei nyika huru ino ichirongwa zvakanaka uye ichigadzikana nemitemo yayo yakanyatsorongeka ichichengetedza kurongeka kwayo kwemakore ose?

Ko nyika iyi yakazvisika here? Kana kuti yakangonyuka pasina musiki?Kana kuti yakangovapo nemasanga?

Ndiani akakusika?

Ndiani akaisa hurongwa uhwu hwakanyatsorongeka munhengo dzemuviri wako nemumiviri yezvisikwa zvipenyu?

Hapana munhu angabvume kuudzwa kuti imba iyi yakangovapo pasina akaivaka! Kana kuti yakaumbwa kubva pasina chinhu! Zvino sei vamwe

vanhu vachitenda kuti nyika ino yese ihombe yakavapo pasina Musiki? Munhu ane njere angabvume sei kuudzwa kuti kurongeka kwakaringana kwenyika uku kwakangovapo nemasanga?

Zvirokwazvo kuna Mwari mukuru, Musiki neMurongi wenyika yose nezvose zvrimo, vanova ivo Allah, kukudzwa ngakuve kwavari.

Tenzi, kukudzwa ngakuve kwavari, vakatumira vatumwa uye vakadzikisa kwavari mabhuku matsvene (Wahyi). Rekupedzisira rawo iQuran rinoera rakadzikiswa naAllah kuna Muhammad, Mutumwa wekupedzisira waAllah. Mukuburikidza nemabhuku avo nevatumwa vavo:

- Allah vakatizivisa pamusoro pezvavo, mamiriro avo, nekodzero dzavo patiri, uye vakajekesa kodzero dzedu pavari.

- Uye vakatitungamirira kuti tizive kuti zvirokwazvo ndivo Tenzi vakasika zvisikwa, uye kuti zvirokwazvo Allah vapenyu, havafe, uye zvisikwa zviri mumaoko mavo, nepasi pesimba ravo, nekuita kwavo.

Allah vakatizivisa kuti chimwe chinhu chiri pavari ruzivo, uye vanoziva zvinhu zvese. Uyezve ndivo vanonzwa zvese, vanoona zvese, zvekuti hapana chakavandika kwavari pasi pano kana kumatenga.

Uye Tenzi ndivo Mupenyu wekusingaperi, Mutsigiri wezvese, hupenyu hwechisikwa chose

hunobva kwavari vega, kukudzwa ngakuve kwavari. Uye zvirikwazvo ndivo mutsigiri. Hupenyu hwechisikwa chose hunochengetedzwa navo, kukudzwa ngakuve kwavari. Allah vekumusoro soro vakati :

﴿اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَّةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ﴾ (225)

Allah! Hakuna chakakodzera kunamatwa kunze kwavo. Vane raramo isingagumi, uye mutsigiri wezvese. Kutsumwaira kana kurara hazvimbovabate. Ivo ndivo muridzi wezvese zviri mumatenga uye nezvese zviri pasi. Ndiani angagona kureverera pamberi pavo pasina mvumo yavo? Vanoziva zviri kuitika kwavari (zvisikwa zvavo) pano pasi, uye zvichaitika kwavari mune ramangwana. Uye vanhu havakwanise kuziva chipi zvacho kubva muruzivo rwavo (Allah) kunze kweizvo zvavada. Chigaro chavo chakakura kudarika matenga uye nepasi rose, uye kuzvichengetedza hakuwaremeri. Uye ndivo vepamusorosoro, vahombe zvikuru. [Al-Baqarah: 255].

•Uye vakatizivisa kuti ndivo Tenzi vane maitiro akakwanira, uye vakatipa pfungwa nenhengo dzekunzwa dzinonzwisisa zvishamiso zvekusika kwavo nekugona kwavo, izvo zvinotiratidza hukuru hwavo, simba ravo, pamwe nemaitiro avo

akakwanira. Zvakare vakadyara matiri chizvarirwo chinopupura kukwanira kwavo kwazvo uye kuti zvirokwazvo hazvigoneke kuti vataurwe kuti vakaperevera.

- Uye tinoziva kuti Tenzi vari pamusoro pematenga avo, havasi mukati menyika, uye nyika haimo mavari.

Uye vakatizivisa kuti zvirokwazvo tinofanira kuzvipira kuzere kwavari, kukudzwa ngakuve kwavari, nekuti ndivo Musiki wedu uye Musiki wenyika yose uye Murongi wayo.

Naizvozvo Musiki vane maitiro makuru, uye hazvigoneke zvachose kuti vataurwe kuti vane chavanoshaiwa kana kuperevera. Tenzi havakanganwe, havarare, kana kudya chikafu, uye hazvigoneke kuti vave nemukadzi kana mwana. Uye magwaro ese ane zvinopesana nehukuru hweMusiki haasi mune mashoko echokwadi(wahy) akaunzwa nevatumwa vaAllah, rugare ngaruve kwavari.

Allah vari pamusorosoro vakataura muQur'an rinoera vachiti:

﴿قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ 1 اللَّهُ الصَّمَدُ 2 لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ 3 وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ 4﴾

Iti: Ndiye Allah, Mumwechete.1

Allah ndivo vanodiwa nezvisikwa zvose (asi ivo hapana chavanoda) 2

Havana kubereka uye havana kuberekwa 3

Uye hapana umwe angaenzaniswa navo. 4 [Al-Ikhlaas: 1-4].

Kana uchitenda muna Tenzi Musiki... wakambozvibvunza here nezvechinangwa chekusikwa kwako? Uye Allah vanodei kubva kwatiri, uye chii chinangwa chekuvapo kwedu?

Zvingagoneki here kuti Allah vange vakatisika vobva vatisiya tisisina anotarisisira? Zvingagoneki here kuti Allah vakasika zvisikwa zvese izvi pasina chinangwa kana donzvo?

Uye zvirokwazvo tinoziva kuti hazvigoneke kuti tirame hupenyu huno pasina kuti munhu wese patiri awane mubairo wezvaakaita zvakanaka kana kurangwa pamusoro pezvakaipa zvaakaita, saka zvingaite here kuti kusave nekurangwa kwevatadzi uye kusave nemubairo kune vanoita zvakanaka?

Chokwadi ndechekuti Tenzi Musiki Mukuru, "Allah", vakatiudza nezvechinangwa chavakatisikira, icho chinova kunamata Allah vega, uye zvavanoda kwatiri! Uye vakatiudza kuti ndivo vega vakakodzera kunamatwa, uye vakatitsanangurira kuburikidza nevatumwa vavo, rugare ngaruve kwavari, kuti tinovanamata sei. Uye kuti tinoswederwa sei pedyo navo nekuita mirairo yavo nekusiya zvavanorambidza. Uye kuti tingavafadze sei. Uye kuti tingazvidzivirira sei kubva kumurango wavo, uye vakatiudza nezvemagumo edu mushure mekufa.

Uye vakatizivisa kuti hupenyu huno hwepasi pano hungori muedzo chete, uye kuti hupenyu hwechokwadi huzere huchave hweramangwana mushure merufu.

Uye vakatizivisa kuti uyo anenge anamata Allah sezvavakamuraira, uye akasiyana nezvavakamurambidza; achawana hupenyu hwakanaka panyika, nemufaro usingaperi muhupenyu hweramangwana. Uye uyo anenge asingavateereri uye asingatendi mavari; achatambudzika panyika, nekuwana murango usingaperi muhupenyu hweramangwana.

Uye Tenzi vedu vakatizivisa kuti kuwana mufaro wavo, nekununurwa kubva mumurango wavo, hazviwanikwe kunze kwemuIslam, iyo inove: kuzvipira kuzere kwavari nekuvanamata vari vega pasina chavanosanganiswa nacho, nekuzviisa pasi pavo nekuvateerera, nekutevedzera mutemo wavo nemufaro nekugamuchira. Uye vakatizivisa kuti hapana chimwe chitendero chavanotambira kubva kuvanhu kunze kwelIslam. Allah vari kumusorosoro vakati:

﴿وَمَنْ يَبْتَغِ غَيْرَ الْإِسْلَامِ دِينًا فَلَنْ يُقْبَلَ مِنْهُ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ الْخَسِرِينَ﴾ (85)

Uye uyo anotsvaga chimwe chitendero kunze kwelIslam, hachizombogamuchirwi kubva kwaari, uye muhupenyu hwamangwana achange ari pakati peavo vakarasikirwa85﴿ [Aal-Imraan: 85].

Uyo anocherechedza zvinonamatwa nevanhu vazhinji mazuva ano; anoona kuti umwe anonamata munhu, mumwe achinamata chifananidzo, uye mumwe achinamata nyeredzi, nezvimwe zvakangodaro. Munhu ane njere haafanirwi kunamata chero chii zvacho kunze kwaTenzi wezvisikwa zvese, uyo akakwanira mumaitiro ake. Ko anonamata sei chisikwa chakaita saiye kana kuti chiri pasi pake? Naizvozvo, anonamatwa haafanire kunge ari munhu, kana chifananidzo, kana muti, kana mhuka.

Saka zvitendero zvese zvinonamatwa nevanhu mazuva ano - kunze kweIslam - Allah havazvitambiri. Izvi zvitendero zvakagadzirwa nevanhu, kana kuti zvitendero zvakabva kuna Mwari zvikazokanganiswa nevanhu. Asi Islam chitendero chaTenzi wezvisikwa zvese, hachishanduki uye hachipinduki. Uye Bhuku rechitendero ichi iQur'an rinoera. Iri ibhuku rakachengetedzwa semadzikisirwo arakaitwa naAllah uye richiri mumaoko emaMuslim kusvika nanhasi mururimi rwarakadzikiswa narwo kuMutumwa wekupedzisira.

Imwe yenheyo dzIslam kutenda muvatumwa vose vakatumwa naAllah, uye vose vaive vanhu Allah vakavatsigira nezviratidzo neminana, uye vakavatumira kuti vadanire vanhu kuti vavanamate ivo voga vasina chavanosanganiswa nacho.

Uye Mutumwa wekupedzisira ndiMutumwa Muhammad (Rugare netsistsi dzaAllah ngazvive kwavari), akatumwa naAllah nemitemo yehuMwari yekupedzisira inotsiva mitemo yevatumwa vaivepo kare. Allah vakamutsigira nezviratidzo zvikuru, uye chikuru chazvo iQur'an rinoera, mashoko aTenzi wezvisikwa zvese, bhuku guru kudarika ose akambozivikanwa nevanhu. Rinoshamisa muzvinyorwa zvaro, mumazwi aro, mukurongeka kwaro, uye nemumitemo yaro. Mariri mune nhungamiro kuchokwadi inotungamirira kumufaro wepanyika pano nemuhupenyu hwamangwana. Uye rakadzikiswa mururimi rwechiArabhu.

Uye kune humbowo huzhinji hwenjere nesainzi hunoratidza zvisina mubvunzo kuti Qur'an iri ishoko reMusiki, ngaarumbidzwe uye ngaakudzwe, uye kuti harigoni kunge rakagadzirwa nevanhu.

Nheyo dzelIslam dzinosanganisira kutenda mungirozi, uye kutenda muzuva rekupedzisira, panguva iyo Allah vachamutsa vanhu kubva mumakuva avo pazuva rekutongwa kuti vavabvunze nezvemabasa avo. Saka, uyo anoita mabasa akarurama ari mutendi achawana mufaro wekusingaperi muParadhisu, uye uyo anoramba kutenda oita mabasa akaipa, achawana chirango chikuru muMoto. Zvakare, chimwe chenheyo dzelIslam kutenda kune zvakatemerwa naAllah, zvingave zvakanaka kana zvakaipa.

Chitendero cheIslam igwara rakakwana rehupenyu, rinoenderana nechisikirwo chemunhu, nepfungwa, uye rinogamuchirwa nevanhu vakarurama. Chitendero chakatemerwa naMusiki Mukuru kuzvisikwa zvake, uye chitendero chakanaka chinopa kubudirira kuvanhu vose muhupenyu hwepano pasi nehupenyu hwamangwana. Hachisarure dzinza pane rimwe dzinza, kana ruvara pane rumwe ruvara, uye vanhu vose vakaenzana machiri. MuIslam hapana anopfuura mumwe, kunze kwezvinoenderana nechiyero chemabasa ake akanaka.

Allah vekumusorosoro vakati:

﴿مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّن ذَكَرٍ أَوْ أَنْتَاهَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ حَيٰوةً طَيِّبَةً وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَجْرَهُم بِأَحْسَنِ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ﴾ (97)

Ani naani anoita mabasa akanaka, angave murume kana kuti mukadzi, uye ari mutendi wechokwadi, zvirokwazvo tichamupa upenyu hwakanaka, uye zvirokwazvo tichavapa mubairo wavo weizvo zvakana zvavaiita. [An-Nahl:97]

Zvimwe zvezvinhu zvinotsinhirwa naAllah muQur'an rinoyera ndezvekuti kutenda muna Allah saTenzi, uye vakafanirwa kunamatwa, uye muIslam sechitendero, uye munaMuhammad semutumwa, inyaya inosungirwa isina sarudzo kumunhu. Uye pazuva rekutongwa kuchava nekuvhunzwa pamusoro pemabasa, nemubairo nekurangwa. Naizvozvo mutendi wechokwadi achawana

budiriro nekukunda kukuru, uye uyo anoramba kutenda acharasikirwa zviri pachena.

Allah vari kumusorosoro vakati:

﴿... وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ يُدْخِلْهُ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا
وَذَلِكَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ 13 وَمَنْ يَعَصِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَيَتَعَدَّ حُدُودَهُ يُدْخِلْهُ نَارًا خَالِدًا
فِيهَا وَلَهُ عَذَابٌ مُهِينٌ 14﴾

... Uye ani nani anoteerera Allah pamwe neMutumwa wavo, vachamupinza mumapindu ane nzizi dzinoerera pasi pawo, umo vachagara nekusingaperi. Uye uku ndiko kubudirira kukuru.13

Uye uyo anoramba kuteerera Allah neMutumwa wavo uye opfurikidza miganhu yavo, vachamupinza mumoto umo achagara nekusingaperi, uye achawana murango unodzikisira.14 [An-Nisaa: 13-14].

الفهرس

Islam chitendero chechisikirwo, pfungwa , uye nerufaro.....	2
Islam chitendero chechisikirwo, chepfungwa, uye nerufaro.	2
Ndiani akakusika?	2